

**PWOGRAM ÈD ESPESYAL YON SÈL FWA (“SOTA”)
AKÒ PATISIPAN
(Haitian Creole)**

Pwogram Èd Espesyal Yon Sèl Fwa (Special One Time Assistance, SOTA) peye lwaye ennan pou kliyan ki kalifye Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) pou y al abite nan Vil New York, nan lòt Konte Eta New York, oswa deyò Eta New York.

Moun ak fanmi ki gen revni epi ki pral peye lwaye yo pi devan kapab itilize SOTA. Revni a kapab soti nan travay, Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), avantaj Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability, SSD), oswa lòt sous revni. Pri lwaye a pa ka plis pase 40% revni kay la epi revni kay la pa ka depase 80% Revni Mwayèn Zòn (Area Median Income, AMI) nan Vil New York.

Non Kandida pou Pwogram lan: _____

Mwen, _____, te aplike pou yon sibvansyon SOTA pou ennan pou inite annapre a (‘Inite SOTA’), ke mwen te chwazi pèsònèlman:

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Kòm yon Patisipan Pwogram SOTA a, mwen dakò ak kondisyon annapre la yo:

- Bay enfòmasyon ki ekzak, konplè ak ajou sou revni yo ak sou kantite moun nan kay la.
- Bay dokiman sipò, si sa nesèsè, pou verifye kalifikasyon fwaye mwen.
- Yon ankèt pou verifye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay yo anrapò avèk demann mwen fè pou SOTA. Si yo mande m lòt enfòmasyon, m ap bay yo.
- Pwogram SOTA a ap peye lwaye a chak mwa ba mèt kay la dirèkteman pandan ennan.
- DSS ka itilize non mwen ak nimewo Sekirite Sosyal mwen pou kreye yon kont pou fè peman lwaye chak mwa yo bay mèt kay la.
- **Mwen konprann aprè ennan ki kouvri ak sibvansyon SOTA a, mwen pral responsab peye pwòp lwaye mwen.**

(Tanpri, Vire paj la)

- Mwen konprann mwen entèdi sou-lwe Inite SOTA a pandan dire sibvansyon SOTA a.
- Mwen dakò pou mwen fè tout efò pou kenbe salè mansyèl mwen gen kounye a oswa sa ki prevwa a ki se _____.
- Si sous revni mwen se avantaj sekirite sosyal, mwen pral konfòme mwen avèk nenpòt kondisyon pwogram kote m ap resevwa avantaj yo.
- Si sous revni mwen se nan travay, mwen pral fè tout efò pou kenbe travay la.
- Mwen konprann mwen dwe avèti mèt kay mwen an alekri si mèt kay la pa antre ni Inite SOTA a kòrèkteman oswa li pa fè reparasyon ki nesèsè yo. Si reparasyon ki nesèsè yo pa fèt, mwen gen dwa pou m kenbe lwaye mwen oswa mande pou yo peye lwaye a nan tribinal selon lwa ki aplikab nan koneksyon ak nenpòt aksyon oswa pwosè kont mèt kay la, depi mwen soumèt dokiman ki apwopriye yo bay DSS.
- Mwen dakò pou mwen kowopere nètale ak Vil la nan administrasyon li pou Pwogram SOTA a.
- Rele nan 718-557-1373 pou avèti HRA touswit, si:
 - Mwen demenaje;
 - Yo banmwen papye degèpisman;
 - Mèt kay mwen an oswa moun ki resevwa lwaye a chanje; oswa
 - Mwen vle mande pou bloke peman lwaye a. Tanpri konnen akòz tan pou fè evalyasyon ak pou travay sou demann lan, blokaj la gendwa pa kòmanse jouk apre mwa ki vin touswit apre demann lan.

Siyati ki Obligatwa yo

Mwen te li epi mwen konprann Deklarasyon osijè Konpreyansyon Patisipan nan Pwogram sa epi mwen aksepte kondisyon li yo.

Dat la

Siyati Kandida pou Pwogram lan

(Tanpri, Vire paj la)

Mwen te li epi mwen konprann Deklarasyon osijè Konpreyansyon Patisipan nan Pwogram sa. Mwen dakò pou mwen kowopere nètale avèk DDS ak administrasyon li pou pwogram SOTA a ak pou bay enfòmasyon ekzak konsènan revni mwen ak nenpòt enfòmasyon anplis, si sa nesèsè. Mwen dakò pou yo fè yon ankèt pou verifye oswa pou konfime nenpòt enfòmasyon mwen bay yo anrapò avèk administrasyon SOTA DDS la.

Dat la Non Manm Fwaye a Siyati Manm Fwaye a

Dat la Non Manm Fwaye a Siyati Manm Fwaye a

Dat la Non Manm Fwaye a Siyati Manm Fwaye a

Manm fwaye lakay mwen ki annapre la yo ki granmoun nan fanmi an pa te siyen yon kopi akò sa a pou rezon sa (yo):

Non Responsab Dosye a oswa Espesyalis Lojman an

Siyati Responsab Dosye a oswa Espesyalis Lojman an Dat la

Siyati Responsab Dosye a oswa Espesyalis Lojman an konfime enfòmasyon pou moun lakay mwen ki endike anwo a.

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa sa avi sa a mande pou ou fè? Èske pwoblèm sa a sa fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 212-331-4640. Ou ka mande èd tou lè ou vizite yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.